



# Depatman Edikasyon Eta New York

89 Washington Ave, Albany, NY

MaryEllen Elia, Manm Komisyon

## **BIDJÈ EKILIBRE**

**Yon Rapò sou Distri Lekòl East Ramapo Central**

Oktòb 2017

**Charles A. Szuberla, Jr., *Kontwolè***

**John W. Sipple, *Kontwolè***



New York State  
EDUCATION DEPARTMENT

Knowledge > Skill > Opportunity



## **Bidjè Ekilibre**

*Yon Rapò sou Distri Lekòl East Ramapo Central*

<b>SEKSYON</b>	<b>PAJ</b>
Responsablite Manm Komisyon pou Kontwolè yo	3
Plan Amelyorasyon Fiskal	3
Chapit 89 Lwa 2016 yo	8
Rekonesans Kondisyon Fiskal Amelyore	9
Amelyorasyon Enstalasyon Lekòl yo	10
Bidjè Lekòl yo Adopte pou Ane Akademik 2017-18	11
Rekòmandasyon yo	12

## **Responsablite Manm Komisyon pou Kontwolè yo**

Nan dat 16 out 2016, Manm Komisyon Depatman Edikasyon Eta a MaryEllen Elia te lonmen Charles Szuberla epi li te lonmen Dr. John Sipple ankò kòm kontwolè (“Kontwolè”) pou Distri Lekòl East Ramapo Central ( Distri). Pwogram kontwòl ane akademik 2016-17 la te baze sou travay kontwolè leta yo depi mwa jwen 2014 epi li te gen ladan travay avèk Konsèy Edikasyon an (Konsèy la) ak dirijan Distri a pou egzekite Plan Amelyorasyon Akademik ak Estratejik ak amelyorasyon Fiskal; amelyore planifikasyon fiskal ak bidjetè; epi bay sipèvizyon jan obligatwa nan Chapit 89 Lwa 2016 yo.<sup>1</sup> Answit, Kontwolè yo te sipèvize fason Distri a te pase san pwoblèm yon pwopozisyon obligasyon \$58 milyon pou finansè reparasyon imobilye ak pwojè ki te nesèsè anpil yo. Rapò sa a konsantre sou dènnye kondisyon fiskal Distri a.

### **Plan Amelyorasyon Fiskal**

Misyon Distri Lekòl East Ramapo Central deklare:

“Kòm yon kominote ki ini, Distri Lekòl East Ramapo Central angaje pou edike timoun nan okonplè. Pou fè sa, nou bay yon anviwònman ki bon pou sante timoun nan, ki san danje, ki bay sipò, ki enteresan ak ankourajan.”

Nan dat 26 septanm 2016, Manm Komisyon Elia te apwouve plan amelyorasyon Akademik ak Estratejik pou anpil tan ak amelyorasyon fiskal, ki te gen ladan yon plan depans detaye (“plan amelyorasyon”). Apre sa, Distri a te egzekite plan amelyorasyon pou kontwòle resous yo yon fason ki pi efikas. Yo te kreye plan amelyorasyon aan vèk twa objektif nan lide yo:

- 1) Edike timoun nan nèt.
- 2) Amelyore epi antreteni anviwònman fizik lekòl yo ak espas yo.
- 3) Aplike yon sistèm ki solid pou jesyon resous yo.

### **Sipò sou Travay Ane Akademik 2015-16**

Distri a te kòmanse ane akademik 2016-17 la avèk yon balans fon ki pa t afekte nan Fon Jeneral la nan dat 1ye jiyè 2016 pou \$4,150,436, yon ogmantasyon \$2,747,868 ant balans \$1,402,568 ki pa t afekte a yo te rapòte 30 jwen 2015 parapò avèk yon balans fon negatif \$6,6 milyon (-3.3%) nan ane fiskal 2014 apre katran defisi operasyon youn-apre-lòt Nan dat 30 jwen 2016, Distri a te gen \$4,150,436, oswa 1.8% bidjè ane apre li ki te montre yon balans fon ki pa t afekte.

Rapò preliminè oditè mwa out 2017 montre Distri a te fini ane akademik 2016-17 la avèk yon balans fon ki pa t afekte nan Fon Jeneral la nan 30 jwen 2017 pou 8,488,151, yon ogmantasyon \$4,337,715 ant balans \$4,150,436 ki pa afekte yo te rapòte nan dat 30 jwen 2016. ogmantasyon an se yon rezilta \$2,430,866 pi wo pase revni yo te pwojete yo ak \$1,906,849 pi ba pase depans yo pwojete yo kòm yon rezilta ki pi gwo pase èd leta yo prevwa ak preparasyon bidjè avèk prekosyon.

---

<sup>1</sup> Yo te amande Chapit 89 Lwa 2016 yo avèk seksyon 48 Pati YYY Chapit 59 Lwa 2017 yo.

Nou ta dwe remake lwa Eta New York pèmèt Distri lekòl yo konsève jiska 4% bidjè ane apre san kantite lajan yo afekte pou bidjè ane apre a, kòm balans ki pa afekte nan Fon Jeneral la. Pou East Ramapo, kantite lajan ki admisib la se \$8.97 milyon. Distri a ap antre nan ane akademik 2017-18 avèk yon balans 3.6% fon yo pa afekte ki pi favorab nan bidjè ane akademik 2017-18 la.

Baz Enpozab S\$8.7 bilyon Distri a te estabilize pa twò lontan epi nou prevwa l ap rete estab sou anpil ane k ap vini. Baz Enpozab Distri a konpoze sitou avèk Vilaj Ramapo(85% baz Enpozab la) ak kèk pi piti pòsyon nan Vilaj Clarkstown ak Vilaj Clarkstown ki nan Konte Rock land Estimasyon okonplè Distri a te desann nan yon to anyèl konpoze 0.6% nan ane fiskal 2016 la, ki se yon amelyorasyon enpòtan sou 3.6% bès mwayen sou senkan nan ane fiskal 2015. Valè total Distri te ogmante a 8% nan ane akademik 2017-18, akòz sitou yon bès nan gwo kontestasyon pou tak yo, re-apresyasyon mache lojman an ki asosye avèk kwasans rezidansyèl ak komèsyal.

Enskripsyon nan lekòl leta yo se 8, 547 elèv pou moman an epi Distri a prevwa kwasans timid nan enskripsyon an ap kontinye Distri a gen yon popilasyon enpòtan nan leko prive ki se 24,700 elèv, ki pwojte pou kontinye ogmante ant 4% ak 5% chak ane. Kòm edikasyon espesyal, depans pou ansèyman ak sèvis transpò a kontinye ogmante, akòz tandans ogmantasyon enskripsyon elèv yo, operasyon finansye yo ap rete anba kontrent.

Nan ane akademik 2015-16 ak 2016-17, Distri a te retounen avèk anpil pwogram ak sèvis li te elimine anvan. Nan ane akademik 2016-17, depans yo te ogmante a \$217, paske Distri a te kòmanse retounen avèk pwogram lekòl, tankou pwogram mizik, pwogram boza ak pwogram espòtif ak lekòl matènèl apentan. Distri a te rebay yon total nè 105 pozisyon pwofesè apentan depi ane 2013.

Pwogram jesyon Distri a, tankou klasman kòrèk elèv yo ak aplikasyon repons nan pwogram entèvansyon yo te redui popilasyon edikasyon espesyal Distri ki te plis pase 2,100 elèv nan ane 2015 epi ki pase a 1,900 nan ane akademik 2016-17 kote direksyon an espere l ap estabilize. Kòm yon rezilta, Distri a espere depans pou edikasyon espesyal ap estabilize nan yon tan kout Depans pou edikasyon espesyal te rive nan apeprè \$63 milyon nan ane akademik 2016-17, sa ki reprezante 29% depans total yo ak yon bès 31% parapò avèk ane akademik 2015-16. Distri a te apèn redui depans total operasyon li yo pou edikasyon espesyal apre li te resevwa \$4.8 milyon nan fon sibvansyon federal pou ane akademik 2016-17.

Depans pou sèvis transpò kontinye ap ogmante akòz yon ogmantasyon nan popilasyon elèv ki nan lekòl ki pa leta ak sa ki nan lekòl leta. Nan ane akademik 2016-17, depans pou sèvis transpò a te ogmante a \$31.1 milyon, oswa 14.4% depans operasyon yo, parapò avèk \$28.7 milyon oswa 13.5% nan ane akademik 2015-16. Distri a prevwa yon ogmantasyon 5% nan depans pou kontra sèvis transpò chak ane. Distri a kontinye ap pran pifò sèvis transpò a deyò pou elèv yo, ki koute mwen chè pase lè li posede otobis yo ak pase lè li fè kontra dirèkteman avèk chofè yo. Pòsyon leta bay Distri a ki se apeprè 73% nan depans yo ede konpanse yon gwo pòsyon nan depans pou sèvis transpò a.

Distri a te pibliye nòt previzyon taks depi ane fiskal 2013, avèk kantite lajan ki kòmanse nan \$15 milyon pou rive nan \$17, ki baze sou kalandriye ranbousman sibvansyon federal la. Distri a te pibliye nòt previzyon taks pandan ane akademik 2016-17. Distri a prevwa l ap kontinye pratik la nan yon tan kout oswa mwayen. Anpil egzanp ka nòt pou prete lajan ekzpose Distri a nan risk aksè nan mache a ak fliktyasyon to enterè a.<sup>2</sup>

Distri a patisipe nan Sistèm Retrèt Pwofesè (Teachers Retirement System, TRS) Eta New York ak nan sistèm Retrèt Anplwaye (Employees Retirement System, ERS), Eta New York Ak Anplwaye Lokal, de plan retrèt defini ki gen anpil patwon epi ki jwenn sipò Eta New York. Pou ane akademik 2016-17, kotizasyon patwon yo nan plan yo te totalize \$14 milyon, Oswa 6.5% depans ki te fèt nan fon jeneral la. Distri a bay lòt avantaj apre travay (postemployment benefits, OPEB) pou anplwaye retirete yo, yon depans ki p ap ogmante vit akòz finansman OPEB sou yon baz Dekèsman. Nan ane akademik 2016-17, Distri a te kontribiye a \$10 milyon nan depans OPEB, OSWA 4.6% DEPANS OPERASYON YO.

Pou ane akademik 2017-18, bidjè elektè yo apwouve a gen ladan yon ogmantasyon 3% parapò avèk ane akademik 2016-17 epi li pa gen kredi balans fon ladan. Taks pwopriyete yo pral bay 67% revni Distri a nan ane akademik 2017-18 alòske èd leta kontinye ap ogmante, epi li reprezante 30% revni yo parapò ak 23.7% nan ane akademik 2010-11. Balans revni yo fòme sitou avèk èd federal. Elektè yo te retisan pou pase bidjè ki depase plafon taks Eta a. Elektè yo te rejte bidjè ki te gen ladan ogmantasyon taks ki depase plafon an nan chak dènye dezan yo.

### **Pwogram ki Amelyore nan Ane Akademik 2016-17**

Bidjè elektè yo te apwouve nan ane akademik 2016-17 te baze sou pwogrè ki te fèt nan ane akademik 2015-16. bidjè elektè yo te vote pou ane akademik 2016-17 te gen ladan sa ki endike anba la:

- Kat klas lekòl matènèl siplemantè atanplen;
- Mizik enstriman oswa Fanfa oswa Koral pou Elèv Klas 6yèm Ane;
- Boza Grafik pou Elèv Klas 5yèm Ane;
- Ogmantasyon Pwogram Avansman nan Mizik/Boza yo Ofri Apre-Lekòl
- Devlopman Pwofesyonèl Avanse pou anplwaye yo;
- Yon nouvo Akademi Klas Nevyèm Ane;
- Gid pou elèv Lekòl Segondè Dezyèm Sik;
- Yon pwogram Syans Teknoloji, Jeni, Boza ak Matematik (“STEAM” Science, Technology, Engineering, the Arts, and Math) nan Kakiat School k ap kòmanse avèk klas setyèm ane;
- Konpetans avèk pwogram Jeni nan Kakiat School; epi
- Yon pozisyon atanplen pou fasilite yon pwogram prezans solid.

---

<sup>2</sup> Moody's Investor Services, Inc., Jiyè 2017

Sipè-Entandan te mande pwogram ki endike anba la yo men nou pa t mete yo nan bidjè nou te prezante ba elektè yo:

- Konpetans avèk pwogram Jeni nan klas 1ye ane- 6yèm ane; ak
- Pwogram pou elèv ki douwe epi ki gen talan pou tout klas yo.

Sèvis transpò pou elèv ki pa nan lekòl leta nan jou lè lekòl leta yo pa travay pa t endike nan bidjè a.

Pandan ane akademik 2016-17, Distri a te kalifye pou \$3 milyon nan ranbousman nan fon sibvansyon Eta a dapre Chapit 89 Lwa 2016 yo. Lajan an te sèvi pou finanse lekòl matènèl ki travay atanplen pou tout elèv lekòl leta epi pou retounen avèk yon pati nan pwogram boza nan lekòl primè.

Yon sibvansyon federal \$2,497,895 pou Amelyorasyon Lekòl te finanse kreyasyon yon Pwogram Bakaloreya Entènasyonal (International Baccalaureate, IB) nan Chestnut Ridge Middle School ki se yon Lekòl Pwòpriyete. Peryòd pwojè a okonplè pou sibvansyon an se senkan.

Distri a te resevwa de sibvansyon My Brother's Keeper (MBK) tou. Yon sibvansyon \$150,000 MBK pou Pwogram Angajman Fanmi ak Kominote (Family and Community Engagement Program) ap sèvi pou sipòte ogmantasyon siksè akademik ak preparasyon pou kolèj ak karyè ti gason ak jèn gason nwa yo pandan l ap sipòte devlopman relasyon efikas avèk fanmi yo pou ankouraje siksè tout elèv yo.

Yon sibvansyon MBK Challenge pou \$44,135 ap sèvi pou devlope ak egzekite estrateji ki koyeran pou sipòte karyè ak kolèj ki vize pou amelyore rezilta yo nan lavi a pou ti gason ak jèn gason nwa yo epitou pou devlope ak sipòte relasyon efikas avèk fanmi yo pou objektif siksè pou tout elèv yo. Kontinyasyon finansman toulède pwojè MBK yo depannde pwogrè ki fèt pou reyalize objektif siksè yo, endikatè prensipal yo, fidelite egzekisyon aksyon modèl ki obligatwa yo ak antretyen tout kondisyon yo pou sibvansyon an.

### **Kontwòl Entèn Amelyore**

Jan sa note anwo a, Distri a te pwodui yon sipli bidjetè pou ane akademik 2016-2017. Pou asire fiti bidjè yo toujou ekilibre, Distri a te aplike yon règleman kontablite epi li te kontwòle depans yo avèk severite, epitou li te bay jarèt pou pratik jesyon finansye:

- Yo pran tout desizyon pou anboche nouvo anplwaye apre yon evalyasyon okonplè resous bidjè Distri a epi desizyon yo baze sou previzyon depans ki fasil pou reyalize.
- Konsèy la resevwa yon lis rapò bidjetè chak mwa ki montre kantite lajan ki pa depanse ase ak kantite lajan ki depanse twòp pou chak kont bidjetè;
- Distri chèche epi li jwenn deklarasyon alekri oswa deklarasyon aloral pou depans bidjetè ki pa depannde soumasyon konpetitif;
- Chak ane Biwo Biznis kontwòle analize ak evalye responsablite Distri a pou anpil tankou, men pa sèlman absans ki konpanse yo;

- Konsèy la te konsève Sèvis Transpò Lekòl pou revize operasyon transpò epitou idantifye estrateji ou redui depans yo epi pou amelyore efikasite a;
- Anplwaye yo te revize rapò itilizasyon gaz/ veyikil pou itilizasyon anplis;
- Nouvo kontra otobis yo fè Distri a peye pou chak elèv (parapò ak kontra ki reklame peman pou chak otobis Depatman Transpò kontwole kontaj elèv yo pou asire gen presizyon.
- Depatman Avantaj itilize *WinCap* pou swiv faktirasyon pou ranbousman asirans sante;
- Anplwaye pewòl la konpare total yo ki nan kat-ponnche yo avèk kantite èdtan yo mete nan kantite èdtan korije pewòl la.
- Depatman Acha gwoupe ak retire founisè ki nan sistèm *WinCap*. Yo prevwa pwosesis la ap fini nan mitan mwa janvyè 2017; pwojè a ap fini anvan Jou Memoryal 2017.
- Distri a te fè distribisyon pewòl nan de lekòl nan mwa fevriye 2017;
- Bòdwo asirans Sante NYSHIP konsilye kounye a nan rapò depatman avantaj chak mwa olye chak trimès;
- Direktè Enstalasyon yo te kòmanse aplike yon nouvo sistèm pou asire lòd travay antretyen yo ak kalandriye travay nan chantye yo antre yon fason ki konsistan nan aplikasyon lojisyèl pou bon jan suivi. Aplikasyon nouvo sistèm nan ap fini nan mwa oktòb 2017;
- Distri a t ap chèche lojisyèl kat-ponnche *WinCap* sou entènèt (*WinCap Web*) epi yo te detèmine l ap pèmèt yo ekonomize lajan. Nan dat 8 out 2017, Konsèy la te apwouve demann Distri a pou kite Central Regional Information Center (SCRIC) at Broome-Tioga BOCES jere lojisyèl *WinCap*, done yo, sekirite ak sipò teknik. Sèvè BOCES yo pral ranplase sèvè Distri a ki la depi 14 zan. Distri a pral angaje avèk SCRIC nan pwochen kat mwa yo pou vini avèk yon bwat kat-ponnche ki kapab aplike
- Distri a te egzamine kantite tan yo pase nan diferan domèn antretyen pou detèmine si Distri a gen twòp anplwaye oswa pa gen ase anplwaye nan nenpòt domèn. Yon nouvo plan pral anplas nan mwa oktòb 2017.
- Kontwolè yo te travay avèk Distri a pou asire yo te ajoute antretyen prevantif nan bidjè ane akademik 2017-18; epi
- Distri a kenbe tou yon kabinè kontab kòm oditè entèn pou analize sèten domèn risk chak ane.

## **Responsablite yo**

Distri a te evalye responsablite annatant ki endikeanba la yo nan ane akademik 2016-17.

- Nan ane akademik 2011-12, Distri a te itilize apeprè \$641,000 nan fon pou depans imobilye ki pat resevwa apwobasyon Depatman an Answit, te gen yon lòt \$80,000 refi afektasyon pou lòt ane yo. Distri a te kòmanse yon plan peman pou ranbouse Depatman Edikasyon \$103,000 chak ane sou yon peryòd 7 ane.
- Distri a gen yon pwoblèm ki poko rezoud avèk Distri Ramapo Central konsènan tretman reklamasyon pou elèv paran yo mete nan lekòl ki pa lekòl leta avèk rezidans nan East Ramapo. Nana dat 21 jwen 2016, Distri a te depoze yon



aplikasyon pou “ revizyon administratif yon reklamasyon pou peman” avèk Depatman Edikasyon. Kantite lajan ki konsène a se \$183,645 pou ane fiskal 2013-14 ak 2014-15.

- Nan mwa avril 2016, New York State Insurance Reciprocal (NYSIR) te deside rezilye kontra pou kouvèti asirans lan. Desizyon an te gen konsekans negatif sou Distri a paske li t ap chèche nouvo kouvèti asirans nan yon peryòd tan ki kout anpil. Pa t gen yon sèl konpayi asirans ki te ofri pou angaje pou asire Distri a. Depans Distri a pou asirans te ogmante a plis pase \$900,000 sou yon baz anyèl apati 1ye jiyè 2016. Distri a te aplike pou vin asire tèt li pou reklamasyon ki pi piti pase \$100,00 k ap redui peman pa mwa yo.
- Nan ane 2011, Distri a te fè yon kontra pou pèfòmans enèji avèk Johnson Controls, Inc. pou enstale anpil kontwòl ak aparèy ki efikas nan enèji toupatou nan bilding Distri. Sanble yo pa t janm siyen yon kontra epi toulède moun ki konsène yo pat apwouve kontra a. Distri a pa t kapab jwenn finansman pou pwojè a epi li pa t konnen si travay la te kòmanse. Johnson Controls te deklare yo te prèske fini pou \$1.9 milyon travay. Distri a te kwè li pa ta dwe gen obligasyon pou peye Johnson Controls kantite lajan ki obligatwa a paske li pa t jwenn finansman anvan Johnson te kòmanse fè travay la. Afè sa a te ale nan medyasyon. Konsèy la te apwouve akò ant Distri a ak Johnson Controls pou peye \$1 milyon sou yon peryòd senkan apati ane fiskal 2017-18. bidjè Distri a yo pwopoze pou ane fiskal 2017-18 pral gen premye peman \$200,000 ladan.

### **Aplikasyon Chapit 89 Lwa 2016 yo**

Chapit 89 Lwa 2016 yo te egzije Distri a pou kreye twa gwo plan nan tèt ansanm avèk moun ki enterese yo ak kontwole leta yo:

- 1) Plan Akademik ak Estratejik pou anpil tan (2016-2020);
- 2) Plan pou amelyorasyon fiskal pou anpil tan; epi
- 3) Plan depans ki rezime itilizasyon \$3 milyon nan finansman Eta a, Distri a te itilize nan ane akademik 2016-17 pou egzekite pwogram lekòl matènèl atanplèn ak retou pwogram boza nan lekòl primè yo.

Investisman nan edikasyon pou ane akademik 2016-17 yo te finanse avèk \$3 milyon nan fon Eta a te annamoni avèk Rekòmandasyon 8 ak 10 Kontwolè Eta yo nan rapò 14 desanm 2015, “Opòtinite Difere”. Yo te devlope Plan amelyorasyon fiskal la ak plan depans detaye pou lòt \$3 milyon nan fon Eta a annakò avèk Chapit 89 Lwa 2016 yo epi nan konsiltasyon avèk Kontwolè Leta yo.

Ansanm, twa plan yo te abode domèn prensipal yo idantifye kòm domèn ki bezwen amelyorasyon, swa se kontwolè leta lonmen oswa Distri a ki te fè sa poukont li nan egzèsis analiz kòz pwofon yo te fè pandan devlopman plan Akademik ak Estratejik la. Plan Akademik ak Estratejik la bay objektif ki kapab evalye ak estrateji ofisyèl pou abode domèn kote amelyorasyon te nesesè, tankou men pa sèlman:

- Estabilite Finansyèl;
- Opòtinite akademik ak rezilta pou tout elèv yo;
- Edikasyon ak pousantaj akselere siksè pou elèv andikape yo;
- Edikasyon ak pousantaj akselere siksè pou elèv k ap aprann lang Anglè ;

- Konfòmite avèk lwa ak règleman leta ak federal ki anvigè.

Plan amelyorasyon fiskal la te konfòme resous fiskal yo avèk plan Akademik ak Estratejik, li te note risk ak responsablite yo. Li te idantifye opòtinite pou amelyore kontwòl entèn epi tou li te egzamine dirabilite fiskal pou anpil tan.

Manm Komisyon Edikasyon an te apwouve plan Distri a nan dat 26 septanm 2016. lekòl matènèl atanplèn pou tout elèv ak pwogram boza yo te kòmanse nan dat 6 oktòb 2016. Distri a te prezante yon rapò depans nan mwa jwen 2017 epi li te resevwa fon li anvan ane fiskal la te fini. Bidjè Leta yo adopte pou ane akademik 2017-18 la ap kontinye \$3 nan finansman Eta a ( seksyon 48 Pati YYY Chapit 59 Lwa 2017 yo).

### **Rekonesans Kondisyon Fiskal Amelyore**

De gwoup, Kontwòlè Finansye Eta a ak Moody's Investor Services, Inc., te rekonèt amelyorasyon kondisyon fiskal Distri a. Kontwòlè Finansye a klase ak gwoupe distri yo nan youn nan kat kategori risk fiskal yo: Estrès Fiskal Enpòtan, Estrès Fiskal Modere, Estrès Fiskal Siseptib epi San Deziyasyon Kontwòlè Finansye a te fè mizajou nan klasman East Ramapo ki te nan nivo estrès enpòtan nan dezan anvan yo pou mete li nan nivo estrès modere nan mwa janvyè 2017.

Rezon prensipal pou mizajou klasman Distri a gen ladan retou avèk balans fon an ak anpil ane bidjè ekilibre. Ou ka jwenn Rapò Kontwòlè Finansye a sou kondisyon fiskal East Ramapo sou [sitwèb Kontwòlè Finansye a](#).

Moody's Investor Service te fè mizajou nan pwendvi a pou Distri a ant negatif ak estab pou obligasyon negosyab jeneral yo nan mwa jiyè 2017. klasman obligasyon Baa2 Distri a rete epi montre yon feblès pèsistan nan pozisyon finansye Distri a, malgre dènye bidjè ekilibre yo. Akòz likidite ki limite Distri a te konsistan nan pibliye nòt likidite pou finans operasyon yo jouk lè li resevwa sibvansyon leta yo. Klasman an konsidere baz taks enpòtan Distri a, nivo mwayen richès mwayen li, ak fado dèt minimòm li avèk amòtisman rapid prensipal la.<sup>3</sup> Pwendvi estab Moody stable outlook montre egzijans ki endike yo te operasyon finansye ekilibre yo te reyalize sou anpil dènye ane yo se reyalizasyon ki dirab.<sup>4</sup> Moody's espere pozisyon dèt Distri a pral rete fasil pou kontwòle paske gen yon fèb fado dèt total dirèk ki reprezante mwens pase 0.4% valè total la, tankou nòt previzyon obligasyon yo ki dwe refinance pandan anpil tan sou anpil ane k ap vini yo, epi li te espere amòtisman 100% prensipal la, ki pa gen BANs ki pral refinance nan 10 zan.<sup>5</sup> Moody prevwa tou fado dèt la pral rete fail pou kontwòle a 2.9% valè total lè yo entwodui obligasyon ki double yo.<sup>6</sup>

Fiti revizyon pidevan Moody's yo pral konsantre sou mwayen Distri a pou devlope ak antreteni rezèv konvnan lè li amelyore finansman pwogram diskresyonè yo epi prete lajan ou peye pou antretyen enstalasyon yo ki te ranvwaye sou anpil dènye ane yo. Moody's te rapòte tou:

Ranfòsman kredi Distri a gen ladan:

<sup>3</sup> Moody's Investor Services, Inc., Jiyè 2017

<sup>4</sup> Moody's Investor Services, Inc., Jiyè 2017

<sup>5</sup> Moody's Investor Services, Inc., Jiyè 2017

<sup>6</sup> Moody's Investor Services, Inc., Jiyè 2017

- Baz taks enpòtan;
- Konte a remèt tout prelevman fiskal yo ba distri a, epi
- Fèb fado dèt la avèk amòtisman rapid prensipal la.

Pwoblèm kredi Distri a gen ladan:

- Rezèv ki limite;
- Depandans sou finansman eta a;
- Depandans sou prè likidite;
- Revni ki limite pou ogmante mwayen; epi
- Popilasyon elèv ki gwo anpil nan lekòl ki pa lekòl eta.

Faktè ki endike anba la yo kapab fasilite yon amelyorasyon:

- Tandans dirab operasyon sipli ki bay rezèv ak likidite amelyore; epi
- Diminisyon depandans sou prè likidite.

Faktè ki endike anba la yo kapab lakòz yon de-klasman:

- Lòt deteryorasyon nan pozisyon finansye a; epi
- Ogmantasyon enpòtan nan fado dèt la.

W ap jwenn lòt enfòmasyon sou [sitwèb Moody's](#).

### **Amelyorasyon Enstalasyon Lekòl yo**

Elektè Distri a te apwouve obligasyon pou \$58 milyon nan pwojè imobilye epi pou \$1.1 milyon nan pwojè EXCEL nan dat 6 desanm 2016. Pwojè yo ap satisfè bezwen enfrastrikti ki pi enpòtan pou Distri a. Pwojè yo separe an twa faz epi yo dwe fini anvan mwa novanm 2020, jiska prezan, Distri a te pibliye \$19 milyon nan not previzyon obligasyon yo pou premye faz pwojè a, li planifye pou kontinye pou twa ane k ap vini yo anvan li konvèti dèt pou anpil tan an. Pwopòsyon èd leta bay pou konstriksyon nan moman ki ede konpanse yon pati nan fado dèt la se 56.4%. Konsekans fiskal pwojè yo pral minimal akòz eliminasyon dèt ki la deja ak ranbousman leta ap fè. Konsèy la te chwazi GEA Group pou sèvi kòm sosyete jesyon konstriksyon pou sipèvizè konstriksyon an. Answit, Konsèy la te kreye yon Komite Obligasyon global pou toujou bay kominote a enfòmasyon sou sitiyasyon pwojè amelyorasyon enstalasyon yo.

Eleman prensipal pwogram modènizasyon enstalasyon lekòl yo gen ladan:

- Ranplasman fenèt yo nan Spring Valley High School, Summit Park Elementary, Ramapo High School, Fleetwood Elementary, Chestnut Ridge Middle School, Kakiat Elementary ak bilding administrasyon an;
- Ranplasman materyèl fenèt yo nan Eldorado Elementary, Hempstead Elementary, Elmwood Elementary and Lime Kiln;
- Ranplasman oswa renovasyon twati nan lekòl Distri 14 yo ak bilding administrasyon a;
- Ranplasman tabatyè nan Chestnut Ridge Middle School ak Kakiat Elementary;

- Ranplasman aparèy chofaj dlo nan Fleetwood Elementary, Pomona Middle School, Summit Park Elementary, Chestnut Ridge Middle School, Grandview Elementary, Hempstead Elementary, Elmwood Elementary, Kakiat Elementary, Lime Kiln Elementary, Ramapo High School, Eldorado Elementary ak Biding Administrasyon an;
- Ranplasman inite chofaj/ayerasyon nan Lime Kiln Elementary, Eldorado Elementary ak Chestnut Ridge Middle School;
- Ranplasman graden yo sou teren espò lekòl segondè yo, ranplasman twotwa ki kraze, enstalasyon teren sentetik nan Spring Valley High School ak Ramapo High School;
- Sistèm sekirite modènize, travay renovasyon nan salklas matènèl-8yèm ane pou ajoute laboratwa syans ak salklas pou edikasyon espesyal ak enstalasyon yon rezo Wi-Fi pou chak salklas ak biwo; epi
- Fenèt ak pòt ki nan Kakiat Elementary School ak Fleetwood Elementary School.

### **Bidjè Lekòl yo Adopte pou Ane Akademik 2017-18**

Sou plan fiskal bidjè lekòl yo ekilibre pou ane akademik 2017-18 avèk pwojè pou reyalize revni **\$231,084, 269** ak depans pou **\$231,084,269**. Prelèvman fiskal la pral ogmante a 1.48% parapò 1.69% pou bidjè ane akademik 2016-17 la. Bidjè a pa depase ogmantasyon prelèvman fiskal maksimòm akseptab Eta New York, yo kalkile nan Biwo Kontwolè Finansye Eta a. Prelèvman fiskal pou ane akademik 2017-18 se **\$151,461,007. Fon Jeneral la pral ogmante a 2.99% pou pwogram boza lekòl matènèl atanplen ak lekòl primè.** Bidjè kontinye tandans pou ajoute ak ranfòse pwogram akademik lan men li pa gen ladan yon alokasyon pou sèvis transpò pou lekòl ki pa lekòl leta yo nan jou lekòl leta yo fèmen.

Adisyon enpòtan bidjè a pou ane fiskal 2017-18 gen ladan:

Akademi Lete:

- Kandete avèk mizik enstriman pou 400 elèv ki nan klas 4yèm-8yèm ane
- Akademi lete avèk syans enfòmatis pou 250 elèv ki nan klas 2yèm-8yèm ane
- Akademi lete avèk syans pou 250 elèv ki nan klas 2yèm-8yèm ane
- Pwogram ane lekòl pi long pou 266 elèv ki nan klas matènèl – 8yèm ane
- Elèv ki gen pwogram enstriksyon ki sispann nan pou 60 elèv ki nan klas 9yèm ane ak 10yèm ane.

Pwogram pou bay jarèt pou Ansèyman nan Lekòl Primè:

- Konsève lekòl matènèl aplentan yo
- Ogmante ansèyman” Boza”( 3 pwofesè)
- Ogmante Anglè kòm yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL) ak ansèyman nan de lang (5 pwofesè)
- Bay nouvo fasilite nòm akademik yo

Pwogram pou pou bay Jarèt pou Ansèyman nan Lekòl Pre-Segondè:

- Ogmante ansèyman “Boza”
- Bay plis ansèyman ENL(3 pwofesè)
- Bay Nouvo Fasilitatè pou Nòm Akademik yo
- Ajoute Klas 8yèm Ane nan pwogram STEAM nan Kakiat
- Ekilibre enskripsyon elèv yo nan lekòl pre-segondè yo

Pwogram pou Ogmante Kantite Elèv k ap Diplome nan Lekòl Segondè ak Kantite Elèv k ap Prepare pou Kolèj ak Karyè:

- re-òganize orè lekòl segondè yo
- Sipò siplemantè pou ansèyman efikas (8 pwofesè)
- Aplike modèl pwofesè ki travay nan kolaborasyon
- Bay nouvo fasilitatè nòm akademik yo
- Ogmante Ansèyman nan De Lang ( 4 pwofesè)
- Nouvo orè pou tout elèv ki pran plis tan pou klas ki pa obligatwa yo

Pwogram pou bay jarèt pou Ansèyman an nan Edikasyon Espesyal:

- Kreye 24 klas k ap travay nan kolaborasyon pou Klas 3yèm-12yèm ane
- Ogmante sèvis klinik nan domèn espesyalis pwononsyasyon ak langaj, ègo-terapi, konpòtman

### **Rekòmandasyon yo**

Anplis konsantrasyon pèmanan sou fason pou amelyore enstriksyon an, kontwolè yo gen anpil rekòmandasyon pou amelyore transparans ak kominikasyon konsènan afè fiskal Distri a

Nou rekòmande pou Konsèy la ak Administrasyon an kreye yon Komite Konsiltatif Bidjè. Wòl yon Komite Konsiltatif Bidjè se pou bay konsèy ak enstriksyon epitou reyini chak peryòd pou egzamine bidjè okonplè. Menmsi Konsèy Edikasyon an otorite final pou apwouve bidjè yo prezante ba elektè yo, kreyasyon yon Komite Konsiltatif Bidjè kapab amelyore transparans ak konfyans epitou sa kapab ede devlope sipò kominote a pou bidjè lekòl la.

Nou sijere yon komite ki pou òganize jan sa endike anba la a:

- Manm yo fòme avèk manm reprezantan kominote a.
- Manm komite yo lonmen avèk yon vòt lib Konseye la le gen pozisyon ki vid.
- Manm yo ap sèvi manda fiks epi yo p ap resevwa konpansasyon pou sèvis yo.
- Manm yo ap viv nan distri a, yo enskri pou vote epi yo pa anplwaye distri a.

Dezyèmman, nou rekòmande pou Distri a devlope yon mwayen kominikasyon regilye pou divilge anpil amelyorasyon distri lekòl la fè pou amelyore opòtinite akademik pou elèv yo. Yo ka reyalize sa avèk yon bilten lekòl la ak/oswa afichaj plis enfòmasyon ak videyo ki konsène aktivite elèv yo, reyalizasyon elèv yo ak amelyorasyon nan enstalasyon lekòl la sou sitwèb lekòl la.

Twazyèman, nou rekòmande pou Distri a revize pwogram prete lajan pou manyèl elèv ki pa nan lekòl leta yo avèk administrate lekòl yo pou devlope yon lis manyèl yo apwouve.

Katriyèman, nou rekòmande pou Konsèy la reyini yon gwoup travay pou analize pwoblèm ki konsène sèvis transpò pou lekòl ki pa lekòl leta yo tankou chwa pou pi byen amonize kalandriye lekòl leta yo ak lekòl ki pa lekòl leta yo.

Finalman, nou te remake sa menmsi kèk biwo vòt te gen twòp moun, pousantaj patisipasyon nan lòt biwo vòt yo t ba yon fason etonan. Kontwolè yo mande pou Konsèy la travay avèk nou pou òganize reyinyon kominotè pou sezon lotòn sa a nan kominote a nèt pou ede fè yo konnen si nenpòt chanjman nesèsè nan biwo vòt yo.